



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRI POU DEVLOPMAN EKONOMIK POU
ANKOURAJE PLIS PASE 20 MILYON DOLA NAN ENVESTISMAN KAPITAL AK
ANKOURAJE PLIS PASE 8,300 DJÒB**

Konsèy Administrasyon NYPA bay Amazon enèji idwolik bon mache pou sipòte ekspansyon 550 milyon dola nan Lwès New York, sa k ap kreye 1,000 djòb nan Vil Niagara a

Konsèy la apwouve tou Pri Devlopman Ekonomik pou Micron nan New York Santral, sa k ap ranfòse koridò fabrikasyon avanse ak semikondiktè nan nò Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la te apwouve rekompans devlopman ekonomik pou 22 konpayi ki pral ankouraje plis pase 20 milya dola nan envestisman kapital epi sipòte 8,336 djòb—ak 3,930 ki fèk kreye. Pami bagay ki apwouve yo, gen yon alokasyon enèji idwolik Niagara pou Amazon, pi gwo revandè sou entènèt nan mond lan, ak yon alokasyon enèji ReCharge NY pou Micron, yon pwodiktè memwa ak estokaj ki baze nan Etazini ak katriyèm pi gwo pwodiktè semi-kondiktè nan mond lan. Konsèy NYPA a te apwouve tou yon alokasyon enèji idwolik bon mache pou Vilaj Greene nan Konte Chenango nan Southern Tier nan kad pwogram Devlopman Ekonomik Endistriyèl Otorite Enèji a. Yo te atribye elektrisite bon mache atravè [pwogram](#) ReCharge NY la nan tout eta a bay rès aplikan yo. Gen yon lis konplè alokasyon enèji ReCharge NY la ki disponib [isit la.](#)

"Prim pou devlopman ekonomik transfòmatif sa yo ke yo bay Amazon, Micron ak lòt biznis atravè eta a pral kreye dè milye djòb epi ankouraje plizyè milya dola nan aktivite ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York kontinye sekirize eritaj li kòm eta ki pi pratik pou biznis ak travayè nan nasyon an, pandan n ap avanse objektif agresif ajanda klimatik ki se lidè nan nasyon nou an -- sa k ap kreye yon Empire State ki pi vèt, ki pi pwospere."

Nan reyinyon jodi a, konsèy NYPA a te apwouve yon alokasyon enèji idwolik Niagara Power Project bon mache ki prèske 10.7 megawat (MW) bay Amazon pou sipòte konstriksyon yon sant estokaj ak distribisyon pou komès elektwonik (e-commerce) konpayi an k ap koutr 550 milyon dola nan Vil Niagara ki pral resevwa, estoke, anbale

ak ranpli kòmand kliyan yo sou entènèt. Pwojè a pral mennen nan kreyasyon 1,000 nouvo djòb pèmanan, aplentan nan etablisman an anplis plizyè santèn nouvo djòb konstriksyon. Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan reyon an.

Komisyon Konsèy NYPA a te bay plis pase 150 MW enèji bon mache nan kad pwogram ReCharge NY li a, ki gen ladan yon alokasyon enèji bon mache ki se 140 MW pou Micron. Anplis de sa, konsèy NYPA a te apwouve 404 MW kouran Faktè Chaj Elve ke NYPA pral bay pou Micron sou mache enèji a.

Gouvènè Hochul anvan sa [te anonse](#) desizyon Micron pou konstwi yon nouvo mega faktori nan Konte Onondaga an oktòb 2022. Nan mwa out 2022, Gouvènè Hochul [te siven](#) premye lejislasyon Green CHIPS nan peyi a ki vize kreye djòb, lanse kwasans ekonomik epi konsève pwoteksyon anviwònmantal ki enpòtan pandan I ap fè New York yon sant pou fabrikasyon semikondiktè

Rès prim enèji bon mache yo pral jwenn konpayi nan Distri Kapital, Finger Lakes, Southern Tier, North Country, Vil New York, New York Santral, Rejon Lwès New York, Hudson Valley ak nan Long Island.

Prezidan Otorite Enèji New York ak rezidan Buffalo, John R. Koelman, te deklare, "Eritaj enèji idwolik Niagara a gen lyen etwat ak kwasans ekonomik ak vitalite Rejon Lwès New York la. Envestisman Amazon nan Niagara Falls pral bati sou eritaj sa a, sa ki pral kreye plis pase 1,000 djòb epi li bay ekonomi reyonal la plis pase yon demi milya dola envestisman."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Envestisman istorik Micron sekirize estati New York kòm yon lidè mondal nan fabrikasyon semi-kondiktè Lè li pwofite enèji idwolik pwòp epi ki renouvlab, Otiri Enèji a atire endistri demen yo nan eta nou an, pou ankouraje kwasans ekonomik transfòmatif ki pral kite yon enpak dirab pou jenerasyon Nouyòkè alavni yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Prim NYPA apwouve sa yo pral ranfòse devlopman ekonomik atravè Eta New York, sa ki pral alimante plis kreyasyon djòb ak envestisman. Lè nou sipòte Micron ak lòt pwojè transfòmasyon, n ap redinamize kwasans ak opòtinite pou tout Nouyòkè yo."

Konsèy Administrasyon NYPA a te apwouve jodi a tou alokasyon 250 kilowat enèji bon mache pou Vilaj Greene nan Konte Chenango nan reyon Southern Tier New York nan kad pwogram Devlopman Ekonomik Endistriyèl Otorite Enèji a.

Cocojune, yon konpayi manje ki baze nan New York ki espesyalize nan pwodui yogout kokoye òganik lè I sèvi avèk engredyan ki baze sou plant, pral konstwi yon nouvo

etablisman nan Vilaj Greene epi ekipe li ak machin pou ranplisaj yogout ak ekipman anbalaj. Alokasyon pou idwoelektrisite ki te apwouve nan rankont konsèy jodi a pral sipòte ekspansyon Cocojune, k ap favorize apeprè 700,000 milyon dola envestisman kapital epi kreye 24 djòb nan rejyon an.

Pwogram Developman Ekonomik Endistriyèl la konpoze ak 54 MW nan plis pase 768 MW idwoelektrisite ki te atribye pou 51 sistèm kowoperatif minisipal ak riral atravè Eta New York la. Yo atribye enèji nan pwogram lan bay sistèm minisipal endividiyèl pou reponn ak chaj elektrik ki ogmante ki soti nan novo biznis oswa biznis k ap devlope ki kalifye nan zòn sèvis yo a.

Endistri Semikondiktè kap Grandi nan New York la

Gouvènè Hochul te anonse tou 45 milyon dola pou GO SEMI, ki te anonse nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 la, apre anons istorik Micron ki fè konnen ke li pral envesti 100 milya dola pou konstwi pi gwo etablisman fabrikasyon memwa nan mond lan nan Clay, ki nan Konte Onondaga, New York. Yo estime envestisman an pote jiska 50,000 djòb nan rejyon New York Santral la e li te rive posib gras ak Lwa Federal sou CHIPS ak Syans lan ak Lejislasyon Green CHIPS New York la, ke Gouvènè a te siyen an 2022. Nouvo biwo a pral dirije pa Empire State Development an, ak ekipe ak ekspè ki soti nan Depatman Deta (Department of State, DOS), Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC), NY CREATES, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal HCR) ak Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY). GO SEMI ap dirije epi santralize efò pou mete anplas pwojè Micron an; devlope epi fè règleman yo pwogrese pou atire sektè semikondiktè a ak chèn apwovizyonman li a; kowòdine developman mendèv ak envestisman kominotè ant patnè lokal, eta, federal, ak prive yo; dirije efò pou kreye, atire epi konsève mendèv wotman kalifye ki nesesè yo; epi sipòte developman ini ki konsantre sou prensip kwasans entelijan yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 poustan, avèk yon objektif 40 poustan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 poustan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York

la an 2021 ak yon kwasans 2,100 poustan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 poustan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov ak swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)